

Eta Filantwopi Nwa An 2024

EDISYON II: BATI YON AVNI POU NWA YO KI FÒ
(BATI YON LAVNI PI SOLID POU MOUN NWA)

Zèv
Cornelius Tulloch

The
Miami
Foundation
For A Greater Miami

YON NÒT ENTWODIKSYON

BATI YON LAVNI PI SOLID POU MOUN NWA

Yon Testaman pou Antreprenarya Nwa,
Rezistans Fanm Nwa, ak Ajans Nwa

Miami Foundation rete fèm nan angajman li pou konstwi yon Miami ki pi fò, pi ekitab. Sa a pa ka fèt san yon kominote nwa kap pwospere.

Evènman sou Eta Filantwopi Nwa nou fè chak ane a reyini lidè kominote yo ansanm pou selebre eritaj jenerozite ak lidèchip nan kominote nwa nou an, pou reflechi sou inegalite kap pèsiste yo, epi kenbe tèt nou responsab pou kontinye ak fòs aksyon nou yo.

Ane pase, nou te pibliye premye rapò nou sou Eta Filantwopi Nwa ki mete an evidans tandans yo sou estatistik kle kap mete aksan sou detèminasyon ak jenewozite ekstraòdinè kominote nwa a, pandan lap ekspoze inegalite kap pèsiste nan donasyon ak nan kreyasyon richès.

Ane sa a, nap fouye byen fon nan estatistik nasyonal ak lokal yo pou nou explore entèseksyon delika ant opòtinite ak opresyon ki fòme antreprenarya Nwa, eksperyans akouchman moun nwa, ak asosyasyon san bi likratif mounnwa dirije yo. Rapò sa a mete aksan sou tandans nou dwe rekonèt yo epi ki egzije aksyon. Nou


rive idantifye kèk pèspektiv dapre estatistik Give Miami Day nou an tou, ki aprann nou enfòmasyon soti nan plis pase 1,000 òganizasyon san bi likratifak plis pase 40,000 donatè. Nou jwenn gwo gwo diferans nan sante fiskal ak nan donasyon yo bay òganizasyon moun nwa dirije yo lè nou konpare ak zòt yo ekosistèm lan.

Rapò sa a reprezante kèk nan estatistik ak pèspektiv ki te enfliyanse chwa pwòp nou nan investisman ak priyorite nou yo. Nou pataje li nan espwa pou nou ogmante konesans epi alinye priyorite patnè nou yo. Nou rekonèt tout paj rapò sa a pap ka rezime kompleksite ki genyen lè nap adrese pwoblèm sa yo. Nou rekonèt tou malgre aksyon kolektif, efò pou adrese inegalite rasyal kontinye ap fè fas a dezenvetisman ak entimidasyon. Se poutèt sa nou pral kontinye panche sou estatistik pou deranje konfò nou epi enfliyanse aksyon nou yo. Nou espere ou pral pataje pèspektiv sa yo epi jwenn nou nan angajman nou pou nou fè investisman enfòme nan kominote nwa a. Ansanm, ann konfime responsablite kolektif nou pou bati yon lavni pi solid pou moun nwa.

KWASANS ENTREPRENARYA NWA

Ekzamine estatistik sou richès atravè byen materyèl nan plas revni kapab sèvi kòm endikatè rezilyans ekonomik pou jenerasyon kominote aktyèl yo ak nan lavni. Dapre estatistik nasyonal ki pi resan sou richès, yon fanmi blan tipik genyen prèske **sis fwa** plis richès pase yon fanmi nwa tipik ak senk fwa plis pase yon fanmi ispanik tipik.

NAN MEZI TAN AN AP PASE, RICHÈS FANMI NWA AK ISPANIK AP OGMAN-TE DOUSMAN ...MEN DIFERANS NAN RICHÈS YO TOUJOU AP PÈSISTE E MENM VIN YON TIJAN PI GRAV.



Chif yo endike richès mwayèn pou chak ras ak etnisite nan valè milye dola yo te egal la nan lane 2022.

Posede biznis lè w nwa se yon mwayen pwouve pou fèmen eka entèjenerasyonèl la nan zafè richès, sitou lè w konsidere **moun nwa ki gen biznis 10 a 12 fwa pi rich** pase lòt moun nwa parèy yo. Sa rive malgre defi sistèmik tankou obstak pou jwenn aksè a kredi, prè finansye ki enjist, ak lòt baryè kont antreprenè nwa yo. Nan lit pou konbat chans sa yo, pousantaj mwayen kwasans chak ane nan kantite biznis moun nwa pandan 2017-2020 te **plis pase 20 fwa** pousantaj kwasans biznis an jeneral.

ETA BIZNIS NWA

161,031

Biznis Moun Nwa

\$183.3 Milya

nan Resèt Anyèl

1.4 Milyon

Anplwaye

\$53.6 Milya

nan Salè Anyèl

Menm avèk pousantaj kwasans aktyèl biznis ak kontribisyon moun nwa, **yon bagay ki inakseptab se ke li ka pran plis pase 200 zan pou fanmi nwa yo bati richès egal ak fanmi blan yo**, sa a souliyen travay ki dwè fèt. Kwasans sa a ap sinyale plis ijans ankò pou akselere kreyasyon richès nan Miami, kote se sèlman 2.5% nan ti biznis ki anrejistre yo ki pou moun nwa.

¹ Survey of Consumer Finances, 2022: Greater Wealth, Greater Uncertainty: Changes in Racial Inequality in the Survey of Consumer Finances.

² Howard et al (2020). What Can Major Commercial and Retail Banking Institutions Do to Better Support Black Entrepreneurs and Businesses in the U.S.? Congressional Black Caucus Foundation. BOA-REPORT-FINAL_2020.pdf (unlv.edu)

³ New Data on Minority-Owned, Veteran-Owned and Women-Owned Businesses (census.gov)

⁴ Path to 15: Grow Black Businesses (path101555.org)


⁵ Korte Miami-Dade, Fon Ekonomik e Konsiltatif: https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=sr154343669764511

ENVESTI NAN BIZNIS NWA SE ENVESTI NAN KOMINOTE.

Biznis moun nwa envesti anpil nan swen kominotè

Pi fò kantite ak aksyon majorite biznis moun nwaposede se nan sektè swen sante ak asistans sosyal. An 2020, 28% nan prèske 141,000 konpayi moun nwa te nan sektè sa a, yap bay sèvis esansyèl nan swen kominotè. An konparezon, pami biznis lòt moun minorite yo, biznis ispanik yo domine sektè konstriksyon an; alòske biznis azyatik yo gen pi gwo aksyon nan sektè akomodasyon ak sèvis manje.

PI FÒ KANTITE AK AKSYON MAJORITE BIZNIS MOUN NWA SE NAN SEKTÈ SWEN SANTE AK ASISTANS SOSYAL.



Benefis yon biznis moun nwa ale pi lwen pase pwopriyetè imedyati yo, paske dirijan yo gen plis chans anplwaye moun nwa epi yo opere nan sèvis kominotè esansyèl tankou, gadri pou timoun, swen sante adomisil, ak lòt sèvis pèsònèl.

Li senp - envesti nan biznis nwa yo se envesti nan swen kominote nou yo, pandan nap konbat eka richès rasyal la

⁶ Miami-Dade County, Economic & Advisory Trust: https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=sr154343669764511

⁷ Why Do Black Employers Hire More African Americans than White Employers (wisc.edu)

⁸ AEO: Black-Owned Business Report_02_16_17_FOR_WEB-1.pdf (aeoworks.org)

FÒS FANM NWA


Fanm nwa reprezante aks kap fè latè a vire. Se nou menm ki bay sipò epi kenbe tout bagay an mouvman nan sosyete a. Kèlkeswa kote ou ale, fanm nwa se aks limanite kap leve timoun nou yo, timoun lòt moun, kap fè kòve yo epi kap kenbe bagay yo an mouvman. Fanm nwa yo se fòs ki te bati mond sa a.

—Mother, Southern Birth Justice Network⁸

Wòl fanm nwa jwe nan eleve ak devlope kominote ki solid se yon bagay ki endiskitab. Tandans resan montre kijan fanm nwa ap fè pwogrè nan domèn akademik ak biznis. Nan yon analiz nasyonal resan, kantite biznis fanm nwa posede ogmante pa (18.1%), chif sa a devanse kwasans biznis lòt kategori fanm an jeneral pa (9.1%) ak kwasans biznis moun nwa an jeneral pa (13.6%). Menm nan domèn

akademik la, enskripsyon fanm nwa nan inivèsite rete devan koub la a 42%, konpare ak kamarad lekòl ispanik yo ki te rive a 37%. Enskripsyon fanm nwa nan inivèsite reziste bès enskripsyon fanm blan yo ki te desann soti nan 46% rive nan 44% depi 2010-2021.

TO FANM NWA KI POSEDE BIZNIS AP OGMANTE RAPIDMAN, LI DEPASE KWASANS GLOBAL BIZNIS.




Chif yo reprezante ogmantasyon pousantaj nan posesyon biznis atravè gwoup yo: 2017-2020

⁸ Southern Birth Justice Network: <https://birthjustice.blogspot.com/2018/05/welcome-to-revival-of-birth-justice-blog.html>
⁹ Who is Driving Black Business Growth, Insights from the Latest Data on Black Businesses: Brookings (2023): <https://www.brookings.edu/articles/who-is-driving-black-business-growth-insights-from-the-latest-data-on-black-owned-businesses/>
¹⁰ College Enrollment Rates, National Center for Educational Statistics: <https://nces.ed.gov/programs/coe/indicator/cpb/college-enrollment-rate>

Malgre wòl kritik yo jwe, fanm nwa kontinye fè fas a enjistis sistematik menm lè yap chèche ranfòse ak konstwi yon lavni pi solid pou kominote nwa a: **Fanm nwa gen 2-3 fwa plis chans pou mouri nan konplikasyon akouchman konpare ak lòt gwoup yo.** Risk sa a pèsiste kèlkeswa nivo revni oswa edikasyon. Sa vle di ke tout fanm nwa, kèlkeswa edikasyon oswa resous, gen plis chans pou viv yon eksperyans ki pa favorab lè yap akouche pase nenpòt lòt fanm Ozetazini.

Dapre dènye evalyasyon lokal yo, nan Konte Miami-Dade, sityasyon an ankò pi move, ak Konte a kap rapòte 20.2 lanmò matènèl sou chak 100,000 nesans vivan konpare ak pousantaj Eta a ki se 15.2 lanmò. Pou fanm nwa nan Miami-Dade, risk sa a monte preskè senk fwa - enkwayabman 57 manman nwa mouri, konpare ak 12 manman blan pou chak 100,000 nesans.

FANM NWA GEN 2.5 A 3 FWA PLIS CHANS POU MOURI AKÒZ KONPLIKASYON NAN AKOUCHMAN PASE FANM BLANCH YO.



Definisyon to mòtalite matènèl la se kantite manman kap mouri pou chak 100,000 bebe ki fèt anvi.


¹¹ Bervell, R. & Winny A. How Can We Solve the Black Maternal Health Crisis? Johns Hopkins School of Public Health: <https://publichealth.jhu.edu/2023/solving-the-black-maternal-health-crisis/#:~:text=CD%20data%20show%20that%20Black,all%20income%20and%20education%20levels>
¹² Maternal Deaths, Florida Health Charts: <https://www.flhealthcharts.gov/ChartsDashboards/rdPage.aspx?rdReport=InfantDeathDataviewer>

REYAKSYON LOKAL SOU (IN)EKITE RASYAL

Gras a Give Miami Day, ki se pi gwo jou donasyon nan kominote nou an, nou ka aprann tandans jenerozite moun Miami yo ak sante ekosistèm òganizasyon san bi likratif lokal nou an an. Depi li te kreye, nou te temwen yon kwasans akselere nan donasyon pou tout òganizasyon san bi likratif ki patisipe nan Give Miami Day.

An 2023, yo te enjekte plis pase 34 milyon dola nan plis pase 1,000 òganizasyon san bi likratif. Nan sila yo, 248 òganizasyon (21%) te gen lidè ki te idantifye antanke moun nwa. Depi 2020, nou wè yon ogmantasyon kontinyèl nan patisipasyon moun nwa (yon ogmantasyon 54%) ak lajan òganizasyon sa yo te ranmase (81%).

GEN YON MOUVMAN JENEROZITE KAP GRANDI NAN GIVE MIAMI DAY.



Source: Give Miami Day

Donasyon pou òganizasyon moun nwa dirije yo pap pwogrese , yo bezwen anplifye.

An 2023, òganizasyon moun nwa dirije yo te reprezante 21% nan patisipan Give Miami Day men yo te sèlman benefisyè 11% nan lajan yo te kolekte a. Pousantaj sa a pa chanje depi ane pase. Kontrèman, òganizasyon moun blan dirije yo ak òganizasyon moun ispanik dirije yo te wè yon ogmantasyon nan pousantaj lajan yo te resewva pandan dènye de ane yo.

DISPARITE KI GENYEN NAN DONASYON POU ÒGANIZASYON MOUN NWA AP DIRIJE YO KONTINYE AP PÈSISTE. MENM LI PA PARÈY POU ÒGANIZASYON MOUN ISPANIK AK BLAN AP DIRIJE YO.




Source: Give Miami Day

KONTRENT FINANSYE NAN OGANIZASYON SAN BI LIKRATIF MOUN NWA DIRIJE YO


Òganizasyon moun nwa dirije yo ap fè fas a yon doub batay an rapò ak finans yo: An konparezon ak sanblab blan oswa ispanik, yon majorite nan òganizasyon san bi likratif moun nwa dirije yo ap fonksyone ak bidjè pi piti (<250,000 dola chak ane) epi yo gen mwens fleksibilite lè yap distribye lajan an nan bidjè ya. Pou lidè nwa yo, sa vle di mwens posibilite pou yo genyen pwòp yo kontwòl sou jan yo ka fè enpak selonpwòp kondisyon pa yo, sa a limite kapasite yo pou yo renove ak adapte selon evolusyon bezwen yo nan kominote yap sèvi ya.

ÒGANIZASYON MOUN NWA AP DIRIJE YO GEN YON TI BIDJÈ OPERASYONÈL SA VIN LIMITE OPÒTINITE POU YO GEN PI GWO ENPAK



Source: Give Miami Day


POU PLIS PASE MWATYE NAN ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF MOUN NWA DIRIJE YO , 75% NAN FINANSMAN YO LIMITE, SA VLE DI YO PA KA CHWAZI KI JAN POU YO DEPANSE LAJAN AK PLIS FLEKSIBILITE .



Pousantaj òganizasyon ki rapòte restriksyon nan zafè lajan > 75%

San yo pa gen aksè a byen garanti tankou yon dotasyon pèmanan oswa pwòp enstalasyon pa yo, òganizasyon moun nwa dirije yo pa gen menm kantite rezèv pou kouvri depans operasyonèl ke lòt yo kapab genyen. Souvan, sa vle di lidè nwa yo dwe pase plis tan ke sanblab yo nan efò pou ranmase lajan, kidonk yap konpwomèt tan yo ka dedye nan travay pou avansman misyon yo.

ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF MOUN NWA DIRIJE YO GEN APEPRÈ MWATYE NAN BYEN SANBLAB BLAN YO



Source: Give Miami Day

YON REMAK FINAL

Twal rich kiltirèl Miami-Dade la koud ansanm avèk anpil divès idantite, ras, ak etnisite. Lè ou se yon moun nwan nan Miami, sa vle di ou gen yon idantite ki konplèks. Eksperyans moun nwa nan Miami diferan de anpil lòt kote nan peyi a, epi se devwa nou tout pou aprann plis sou pakou ak reyalyte kominote nwa a pou nou ka bati yon lavni pi solid pou moun nwa. Nou pwodui rapò sa a paske nou angaje pou aprann ansanm, kanpe ansanm, epi pran aksyon ansanm. Nap konfime ke aprann sou istwa Nwa ak priyorize jistis rasyal se pa polemik - nou tout benefisye lè kominote nwa nou an ap pwospere.

ANGAJMAN NOU POU EKITE RASYAL

Miami pi bon poutèt vizyon, lidèchip, talan, ak jenerozite rezidan nwa li yo. Chak ane, nou angaje pou n kenbe tèt nou responsab pou asire investisman nou yo ak pratik entèn nou yo refleto angajman pwofon e inegal nou fè nan ekite rasyal. Malgre nou toujou rete anpil bagay pou nou fè, sa yo se etap nou pran nan Miami Foundation pou priyotize ekite rasyal:

■ Saltwater Fellowship: Sibvansyon 1 milyon dola pou lidè ekite rasyal

An 2024, nou fyè pou nou lanse yon pwogram lidèchip kap konsantre sou pwomosyon lidè eksepsyonèl ki baze sou tandans nou jwenn nan estatistik kominotè yo. Nan kowòt inisyal Fellowship Saltwater a, nou pral investè nan lidè ki an premye liy nan lit kont ekite rasyal yo. Chak lidè pral resevwa yon sibvansyon fleksib 100,000 dola, ansanm ak yon imèsyon 12 mwa nan devlopman lidèchip, rezotaj, ak ranfòsman kominote pou devlopman pèsonèl ak otoswen.

■ Sibvansyon 5.45 milyon dola pou fonksyonman jeneral pou plizyè ane

Aprè plizyè èdtan nan konvèsasyon a òganizasyon san bi likratif yo, epi yon analiz pwofon estatistik lokal nou yo, nou konnen sa se vre: lidè sou teren yo bezwen konfyans nou, epi pi bon egzanp sa a se atravè investisman ki fleksib ak dirab. An 2023, pou premye fwa, 100% sibvansyon kominotè nou yo te sibvansyon pou plizyè ane, pou fonksyonman jeneral. Moun ki te idantifye antanke BIPOC te dirije 70% nan òganizasyon ki te resevwa sibvansyon kominotè nou yo, pami yo 29% se òganizasyon moun nwa dirije. Envèstisman final nou yo te refleto aplikasyon aplikasyon nou te resevwa yo, ladan yo, 30% te òganizasyon moun nwa dirije.

■ 9.1 milyon dola pou ti biznis moun minorite dirije ak òganizasyon san bi likratif

Atravè Miami Open For Business, yon inisyativ Wells Fargo finansè, nou te angaje epi nou investè 9.1 milyon dola pou sipòte ti biznis moun minorite yo nan acha byen ki nesèsè pou dirabilite ak ogmantasyon kapasite pou yo ka bati plis richès jenerasyonèl. Jiska prezan, nou te rive bay 300 ti biznis pou moun minorite yo sipò, 50% ladan yo se biznis moun nwa.

■ 4.6 milyon dola nan investisman byen imobilye pou antrepriz moun nwa

Nou konprann risk yo ogmante pou antrepriz minorite yo lè se pa yo ki mèl pwopriyete kote yap travay la. Nou konnen pratik diskriminasyon istorik nan zafè prè finansye ak imobilye souvan anpeche biznis minorite yo gen yon patisipasyon egal nan posesyon pwopriyete. Nan konsiderasyon pwoblèm sa a, nou espesyalman fyè nou te investè 4 milyon dola pou asiste nan peman depo inisyal yo atravè pwogram pwopriyete byen imobilye kolektif nou an, se Wells Fargo ki te finansè pwogram sa a. Lidè biznis nwa yo te resevwa 70% nan fon sa yo.

■ Lidèchip moun nwa nan konsèy administratif, ekip, ak konsèy konsiltatif nou yo.

Nou fyè dèske yon Konsèy Administratif moun nwa dirije ap gide nou epi Prezidan ansanm ak Vis-Prezidan Konsèy Administratif nou an idantifye kòm moun nwa. 30% nan manm konsèy nou yo se moun nwa. 35% nan ekip lidèchip nou yo ak 38% nan anplwaye nou yo idantifye kòm moun koulè. Finalman, nou angaje pou nou konvoke yon Konsèy Konsiltatif Kominotè divèsifye chak ane, kap sèvi kòm sant sensib pou reyalite teren an kap afekte rezidan Miami yo. Nou ankouraje w fè konesans ak manm konsèy la, ekip nou an, ak konsèy konsiltatif nou an.

■ Sibvansyon pou ekite dijital

Nan kad efò nou yo pou fèmen divizyon dijital la, nou pa sèlman envesti plizyè milyon dola pou ede 300,000 fanmi jwenn aksè entènèt, men nou envesti tou plis pase 1.4 milyondola pou sipòte pwogram alfabetizasyon dijital. Nan dezyèm seri sibvansyon pou alfabetizasyon dijital nou an an 2023, 77% nan prim yo te ale nan òganizasyon moun nwa dirije.

■ Atizay pou tout jèn nan Carol City

Nou pran angajman pou asire ke tout jèn gen aksè a pouvwa atistik. Pandan twa dènye ane yo, nou te akouraje kolaborasyon atistik ant sèt òganizasyon san bi likratif kap travay ansanm pou rive atenn chak elèv nan Carol City soti nan primè rive nan lekòl segondè. Ane sa a, prèske 4,000 elèv nan tout 12 lekòl nan Carol City te benefisye pwogram atistik gratis sa a anndan lekòl ak andeyò lekòl yo. Nou te konplete sa a ak lòt sibvansyon pou ranfòse sektè atizay la, epi nou te bay òganizasyon moun nwa dirije yo 27% mini sibvansyon, epi nou te bay lidè koulè yo 450,000 dola nan sibvansyon Momentum yo.

■ Give Miami Day ankouraje òganizasyon san bi likratif Overtown yo

Pandan Give Miami Day, gras a sipò jenere fanmi Simkins, nou te vin kapab ofri matchel chak kado yo te bay yon òganizasyon ki gen rasin li nan Overtown, yon kominote istorik nwa nan Miami. Adisyone ak lòt match, sa te mete preske yon milyon dola nan bonis ak prim pou òganizasyon moun nwa yo dirije.

ANGAJMAN NOU POU EKITE RASYAL SE PA YON KAZ POU W TCHEKE. LI MANDEPOU NOU REFLECHI, KOUTE, AK AMELYORE CHAK ANE. SÈL FASON NOU AVANSE SE ANSANM.

VIN JWENN NOU, GIDE NOU.
MODLE SA KAP FÈT APRÈ.

Èske ou vle bay
yon kout men
nan pwochen seri
sibvansyon pou ekite
rasyal yo?



Èske ou vle wè rapò
sa a sou entènèt epi
jwenn aksè ak resous
preselyone ?



Èske ou vle aprann
plis sou Fellowship
Saltwater la?

